# Investitsiyalar h'a'm qurilis

Yesabat da'wirinde ja'mi investiciyalar ko'lemi 662,3 mlrd. sumdi' qurap, wo'tken ji'ldi'n' usi' da'wirine qarag'anda wo'siw tempi 136,0 quradi'.
**662,3 mlrd. sum investiciyalardi'n'**:
- 14,6 mlrd. sumi' (2,2%) byudjet pullari';
- 1,1 mlrd. sumi' (0,2%) jerdin' meliorativ halati'n jaqsi'law qori' pullari';
- 395,4 mlrd. sumi' (59,6%) si'rt yel investiciyalari' ha'm kreditleri,
sonnan, tuwri'dan-tuwri' si'rt yel investiciyalari' 390,3 mlrd. sum (58,9 %);
-123,5 mlrd. sumi' (18,6%) ka'rxanalar pullari';
-127,7 mlrd. sumi' (19,3%) qalg'an derekler yesabi'nan a'melge asi'ri'lg'an.




**Socialli'q taraw obyektleri'nin' quri'li'si'**
2014 ji'lg'i' Investiciya bag'darlamasi'ndag'i' 94,1 mlrd sumli'q 101 obyektlerde yesabat da'wirinde 21,4 mlrd. sumli'q (ji'lli'q jobag'a 22,7 procent) jumi's ko'lemi wori'nlang'an, sonnan:
- 25 mektepte (11 rekonstrukciya ha'm 14 won'law) 6,1 mlrd. sumli'q (ji'lli'q joba 16,5 mlrd. sum; jobag'a 37,0%) jumi's ko'lemi wori'nlang'an;
- 11 kolledj ha'm licey obyektlerinde (4 rekonstrukciya ha'm 7 kapital won'law) 2,9 mlrd. sumli'q (ji'lli'q joba 8,0 mlrd. sum; 36,2%) jumi's ko'lemi wori'nlang'an;
- 11 Balalar sporti' obyektlerinde (3 muzika ha'm ko'rkem wo'ner mektepleri quri'li'si', 12-tiptegi sport kompleksi quri'li'si', 5 mektepler qasi'ndag'i' sport zal quri'li'si', 1 sport mektebi rekonstrukciyasi, 1 sport mektebi toli'q won'lawi') 3,4 mlrd. sumli'q (ji'lli'q joba 13,8 mlrd. sum; 24,6%) jumi's ko'lemi wori'nlang'an;
- 8 medicina ma'kemeleri obyektlerinde (8 rekonstrukciya) 3,7 mlrd. sumli'q (ji'lli'q joba 21,3 mlrd. sum; 17,4%) jumi's ko'lemi wori'nlang'an;
- 44 suw menen ta'miyinlew obyektinde (78,7 km suw tarmaqlari'n tarti'w ha'm 2 suw quri'lmalari'n quri'w) 3,6 mlrd. sumli'q (ji'lli'q joba 7,9 mlrd. sum; 46,2%) jumi's ko'lemi wori'nlang'an;
- 2 basqa bag'dardag'i' (No'kis qalasi'dag'i su'wretlew ha'm a'meliy sa'niyat licey-internati', ma'mleketlik ko'rkem wo'ner muzeyi quri'li'si') 1,8 mlrd. sumli'q (ji'lli'q joba 26,7 mlrd. sum; 6,7%) jumi's ko'lemi wori'nlang'an.

**Kommunal taraw ha'm u'y-jaylar quri'li'si'**
2014 ji'l dawami'nda respublika boyi'nsha 501,2 mi'n'. kv. m. u'y-jaylar quri'li'si' jobalasti'ri'lg'an boli'p, sonnan awi'lli'q jaylarda u'lgili joybarlar tiykari'nda 103,1 mi'n'.kv.m u'y-jaylar quri'li'si' jobalasti'ri'lg'an.
Yesabat da'wirinde jeke ta'rtiptegi u'y-jaylar yesabi'nan ja'mi 89,0 mi'n' kv.m (ji'lli'q jobag'a 17,8%) u'y-jaylar quri'li'si' a'melge asi'ri'lg'an.
Sonday-aq, 2014-ji'l dawami'nda xali'qti'n' suw ta'miynati'n jaqsi'law bag'darlamasi' boyi'nsha 165,1 km suw tarmaqlari' quri'li'si' jobalasti'ri'li'p, sonnsn: 50,8 km byudjet pullari' ha'm 16,6 km u'lgili joybarlar massivlerine tarti'latu'g'i'n suw tarmaqlari'. Yanvar-mart aylari'nda xali'q pullari' yesabi'nan:
7,0 km ishimlik suw tarmaqlari', sonnan 2,5 km awi'lli'q jerlerde;
7,6 km gaz tarmaqlari', sonnan 3,4 km awi'lli'q jerlerde tortilgan.

**Quri'li's ha'm kesip ali'p islew jumi'slari'**
Yesabat da'wirinde kesip ali'p islew jumi'slari' ko'lemi 87,5 mlrd. sumdi', yag'ni'y wo'tken ji'ldi'n' usi' da'wirine qarag'anda wo'siw tempi 103,3 procentti quradi'.
Bul erisilgen ko'lemge 9 iri kesip ali'p islewshi sho'lkemler qatnasi'p, wolar ta'repinen 17,2 mlrd. sumli'q, sonday-aq kishi ka'rxanalar ta'repinen 30,5 mlrd. sumli'q ha'm nara'smiy sektor ta'repinen 39,7 mlrd. sumli'q quri'li's jumi'slari' a'melge asi'ri'lg'an.

**Basqa bag'darlamalardi'n' wori'nlani'wi' (O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2009-ji'l 3-avgusttegi «Awi'lli'q jerlerde u'y-jay quri'li'si' ko'lemin ken'eyttiriwge baylani'sli' qosi'msha is-ilajlar haqqi'nda»g'i PQ-1167-sanli' Qarari' boyi'nsha)**
**2014-ji'l bag'darlamasi'na muwapi'q,** 11 rayonni'n' 20 massivinde ja'mi 100,3 mlrd. sumli'q 627 u'y-jaylar quri'li'si' jobalasti'ri'lg'an.
Yesabat da'wirinde 9,5 mlrd. sumli'q quri'li's-montaj jumi'slari' wori'nlandi' ha'm ba'rshe u'y-jaylardi'n' quri'li's jumi'slari' dawam yetpekte.
627 u'y-jaylarga za'ru'r bolg'an si'rtqi' injenerlik (16,9 km suw, 27,7 km gaz, 14,13 km elektr tarmaqlari') ha'm 19,0 km ishki jol quri'li's jumi'slari' jobalasti'ri'lg'an.
Yesabat da'wirinde si'rtqi' injenerlik obyektlerinde 721,4 mln.sumli'q jumi'slar wori'nlani'p, 9,23 km suw tarmaqlari' (ji'lli'q jobag'a 43,4%);
183,6 mln.sumli'q jumi'slar wori'nlani'p, 0,64 km elektr liniyalari (20,4%) tarti'lg'an.

**O‘zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 2010-ji’l 8-sentyabrdegi «Awi’lli’q jerlerda u’y-jaylardi’ joybarlasti’ri’wdi jetilistiriw ha’m quri’li’sti’ jaqsi’law bag’dari’ndag’i’ qosi’msha is-ilajlar haqqi’nda»g’iэ PQ-1403-sanli’ qarori’ boyi’nsha.**
**2014 ji’l jobasi’na muwapi’q** 5 massivlerde (3 sawda obyekti, 1 bazar, 2 nanbayxana, 1 turmi’sli’q xi’zmet ko‘rsetiw kompleksi, 1 sport obyekti) ja’mi – 8 socialli’q taraw ha’m infrastruktura obyektleri quri’li’si’ jobalasti’ri’lg’an.
Yanvar-mart aylari’nda usi’ obyektlerde 539,0 mln. sumli’q quri’li’s-montaj jumi’slari’ ali’p bari’li’p, bu’gingi ku’nde quri’li’s jumi’slari’ dawam yetpekte.

**Jol quri’li’si’ boyi’nsha**
2014-ji’l dawami’nda Xali’qarali’q a’hmiyettegi avtomobil jollari’nda (A-380 «G‘uzor-Buxoro-No’kis-Beyneu» avtomagistral joli’) ja’mi 128,8 mlrd. sumli’q jumi’s ko’lemi jobalasti’ri’lg’an.
Yesabat da’wirinde 8,6 mlrd. sumli’q (ji’lli’q jobag’a qarag’anda 6,7 procent) quri’li’s jumi’slari’ a’melge asi’ri’lg’an. Sonnan:
698-753 km bo’liminde (Arqa-Bati’s XDAAYSITFDK) 1,1 mlrd. sumli’q;
753-765 km bo’liminde (Arqa-Bati’s XDAAYSITFDK ha’m Qaraqalpaqstan KXSITFK) 4,5 mlrd. sumli’q;
796-812 km bo’liminde («Qaraqalpaqstan KXSITFK») 294,0 mln. sumli’q;
916-964 km bo’liminde (Arqa-Bati’s XDAAYSITFDK)  2,4 mlrd. sumli’q;
Bunnan basqa uli’wma paydalani’wdag’i’ jollardi’n’:
A-380 «G‘uzor-Buxoro-No’kis-Beyneu» avtomagistral joli’nan A’miwda’rya ko‘pirine shekem 16 km joldi’ quri’wda («Qaraqalpaqstan KXSITFK») 375,7 mln. sumli’q quri’li’s jumi’slari’ a’melge asi’ri’lg’an.

**Aymaqli’q investiciya bag’darlamasi’**
Usi’ bag’darlamag’a muwapi’q yanvar-mart aylari’nda 58,4 mlrd. sum (ji’lli’q joba 370,6 mlrd. sum; ji’lli’q jobag’a 15,8%) investiciyalar o‘zlestirildi.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*